



Pwokirè Jeneral  
Nouyòk  
**Letitia James**

### Chè Nouyòkè,

Viktim yo gen dwa - dwa pou enfòmasyon, notifikasyon ak, nan kèk ka, konpansasyon.

Pou plis pase senkant ane, Eta New York te travay pou asire dwa sa yo pwoteje. Ranfòsman lalwa ak pwosèkitè yo oblije asire ke viktim yo ak fanmi yo trete avèk jistis ak respè pandan pwosesis jistis kriminèl la. Dwa sa yo kontinye menm aprè yo fin kondane ofansè a.

Biwo mwen angaje nan pwoteje dwa viktim krim yo ak fanmi yo. Ti liv sa a mete aksan sou kèk nan dwa sa yo, epi li bay enfòmasyon sou lòt resous pou viktim krim yo. Si ou gen kesyon sou fason dwa sa yo aplike pou ou, tanpri pa ezite kontakte biwo mwen an.

Sensèman,

*Letitia James*

# Resous

### Biwo Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk la

[ag.ny.gov/intergov-affairs/victim-rights](http://ag.ny.gov/intergov-affairs/victim-rights)  
(800) 771-7755

### Asistans Viktim Krim

[CrimeVictims.Inquires@ag.ny.gov](mailto:CrimeVictims.Inquires@ag.ny.gov)  
(212) 416-8846

### Biwo Sèvis pou Viktim Eta Nouyòk

[ovs.ny.gov](http://ovs.ny.gov)  
(800) 247-8035

### Liy Dirèk Abi ak Maltretman Eta Nouyòk

[ocfs.ny.gov/main/cps](http://ocfs.ny.gov/main/cps)  
(800) 342-3720

### Nínea de ayuda para violencia doméstica del Estado de New York

[opdv.ny.gov](http://opdv.ny.gov)  
(800) 942-6906

### Liy Dirèk Biwo Eta New York pou Sitwayen Granmoun Aje

[aging.ny.gov](http://aging.ny.gov)  
(844) 697-6321

Haitian Creole



# Viktim Krim

## Deklarasyon Dwa



Biwo Pwokirè Jeneral  
Eta Nouyòk  
**Letitia James**

# Viktim gen dwa pou:

**1. Yon kopi gratis de rapò lapolis la,** menm si pa te gen okenn aksidan fizik.

**2. Rete avize de pwosedi kriminèl.** Viktim ki bay yon adrès aktyèl ak nimewo telefòn a pwosekitè a gen dwa pou yo avize yo sou arestasyon akize a; premye aparisyon devan yon jij; lage nan prizon pandan pwosedi kriminèl la annatant; antre nan yon plent koupab, jijman ak santans; tèm maksimòm ak minimòm prizon si akize an kondane pou pran prizon; ak nenpòt dat odyans libète pwovizwa.

**3. Fè yon deklarasyon enpak viktim nan moman santans lan nan yon ka krim.** Deklarasyon sa a pèmèt viktim yo ekspri ak pataje santiman yo sou krim lan ak ki jan krim lan te afekte yo ak fanmi yo.

**4. Jwenn yon egzansyon nan frè pou ranplase lisans chofè,** pèmi, enskripsyon ak plak machin ki te pèdi oswa yo vòlè li kòm yon rezilta nan yon krim.

**5. Fè lapolis ak pwosekitè a enfòmè patwon** yo ke dosye kriminèl la ka egzije absans travay oswa eksplike sikonstans krim lan bay kreditè yo.

**6. Pa gen okenn penalite pa yon patwon lè w** ap parèt tankou yon temwen nan yon pwosedi kriminèl, lè konsiltasyon ak pwosekitè oswa egzèsè lòt dwa dapre lalwa. Yon vyolasyon lwa sa a pa yon patwon se yon deli B.

**7. Dosye pou konpansasyon viktim ak asistans nan Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York.** Viktim ki soufri aksidan fizik oswa fanmi viktim asasinay yo responsab pou depans ki soti nan pòch ki fèt kòm rezilta krim lan. Depans sa yo ka gen ladan reparasyon oswa ranplasman pwopriyete domaje, peman pou pèt salè oswa sipò, bòdwo medikal ak konsèy, netwayaj sèn krim oswa depans finerya. Viktim krim yo ka elijib tou pou depans transpò ki fèt pou aparisyon nesèsè nan tribinal yo. Viktim kidnaping, asèlman ak prizon ilegal ka kalifye pou yon prim pou kouvri pèt salè oswa sipò, depans pou ranbousman pou konsèy, fòmasyon reyabilitasyon ak depans pou pwopriyete esansyèl pèsonèl andomaje ak aparèy sekirite. Reklamasyon yo dwe depoze nan yon ane de krim lan oswa nan yon ane de lanmò viktim nan. Ou ka jwenn yon fòm reklamasyon nan men polis la, pwosekitè a, yon sal ijans lopital, Biwo Sèvis Viktim yo oswa nan Biwo Pwokirè Jeneral la. Asistans disponib tou nan lòt pwogram tankou sant kriz vyòl ak vyolans domestik ak pwogram abi sou timoun yo.

Mande biwo pwosekitè a pou referans.

**8. Mande restitasyon epi fè pwosekitè a prezante demann sa a nan tribinal la.** Yon viktim ka mande akize a pou remèt sa ki te pèdi akòz krim lan. Kantite lajan restitasyon an baze sou nenpòt prèv yon viktim ta ka genyen (dosye, resi) nan nenpòt bagay viktim nan pèdi kòm yon rezilta krim lan. Restitasyon ka yon pati nan santans akize a.

**9. Lib de entimidasyon, menas oswa arasman.** Entimide yon viktim oswa yon temwen se yon krim, apa de nenpòt akizasyon akize a ka deja fè fas. Si ou menase oswa pwopriyete ou domaje pa nenpòt moun ki konekte a ka ou, ou ta dwe kontakte biwo pwosekitè a ak lapolis imedyatman. Nan ka ki enplike vyolans familyal ak / oswa lòt vyolans, yo ka mande yon lòd pou pwoteksyon.

**10. Resevwa avi egzayat, liberasyon oswa retire yon delenkan nan yon etablisman koreksyonèl.** Pwosekitè a gen yon fòm ki dwe ranpli nan lòd ke ou ka rete enfòmè. Sistèm Enfòmasyon ak Notifikasyon Viktim New York (VINE) chak jou bay enfòmasyon ajou sou estati gad delenkan yo atravè telefòn oswa entènèt. Viktim krim yo ak lòt Nouyòkè yo ka rele (888) VINE-4NY (888-846-3469) oswa konekte sou [vinelink.com](http://vinelink.com) pou jwenn enfòmasyon sou akize ki nan prizon. Lè ou bay nimewo idantifikasyon yon prizonnye oswa dat nesans ou, ke ou ka jwenn nan men pwosekitè a, ou ka aprann santans ak divilge enfòmasyon. Ou ka enskri tou ak VINE pou notifikasyon otomatik pa telefòn lè yo libere prizonnye a.